


# TONTU CI AB KONWOKASIONŊ NGIR OATH

## JEEGO 1

### Kool bis bi nga wara dem tirbinaal

Kool say konwokasionŋ ngir sa bisu ojans. So amul ab sotti ci say konwokasionŋ, weetal ci [Seetukaayu konwokasionŋ](#) wala nga woote ci Sàrwiis buy toppatoo ojans yi ci (844)-628-4692.



### SUMMONS TO APPEAR FOR CIVIL PENALTIES ONLY

SUMMONS NUMBER: **0000 000 000**  
ENFORCEMENT AGENCY: **Police Department**

Respondent Last Name	First	M.I.
Phone No	<input type="checkbox"/> Cell <input type="checkbox"/> Home	D.O.B. MM/DD/YY Sex <input type="checkbox"/> Male <input type="checkbox"/> Female
Mailing Address		
ID Number	ID Type	
Race <input type="checkbox"/> White <input type="checkbox"/> Black <input type="checkbox"/> Hisp. White <input type="checkbox"/> Hisp. Black <input type="checkbox"/> Am. Ind./Alaskan Native <input type="checkbox"/> Asian/Pacific. Is.		
Date of Occurrence MM/DD/YY	Time of Occurrence HH:MM	<input type="checkbox"/> AM <input type="checkbox"/> PM
Place of Occurrence ( <input type="checkbox"/> At <input type="checkbox"/> In Front Of <input type="checkbox"/> Opposite)		Precinct

**Include the summons number above on all communications**

**HEARING DATE:** MM / DD / YY **AT:** HH : MM  AM  PM

**You must respond by the above date. See the BACK OF THIS SUMMONS to learn about your options.**

**WARNING:** If you do not respond, you may be found automatically responsible and you may owe larger penalties. If you do not pay any imposed penalties, you may lose your ability to keep or get a City license, permit or registration. The City might also take further legal action against you. See the back for more information.

**Hearing Location:** Office of Administrative Trials and Hearings (OATH)  
Borough: \_\_\_\_\_ (See back for address) **(844) 628-4692**  
[www.nyc.gov/oath](http://www.nyc.gov/oath)

## JEEGO 2

### Dogal ni nga bëggee tontu: Nangu te fay, fay wala tëral, wala xeex konwokasionŋ yi ci ojans bi

So bëgg nangu jangati te fay alamaan bi, demal ci pàccu [Daanu/payoor](#) bu daluweb bi.



Ngir yenn jalgati yi, war nga mëna indi ay saafara ci jalgati laata sa ojans wala nga nangu ñu indi ay safara ci kër gi koy defar. Sudee amoo ku lay teewal, jokkool ak [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov) wala nga woote ci (212) 436-0845.

### Bindu ngir am ay fattalib bataaxalu jukki ci sa bisu ojans



## BUL MËSA ÑAKKA TEEWAAT CI AB OJANS!

Dekkalal bataaxalu jukki yu lay fattali so yonnee texto waa "OATHReminder" ci (917) 451-8829

Di nañ la xamal kon nga duggal nimero konwokasionŋ bi nga bëgg a fattaliku.

Mën nañ la ci fayyeeku ay njëgi bataaxal ak ay données.



The smartphone screen shows a text message from (917) 451-8829. The message content is: 'Reminder: Your OATH hearing is on Tue Apr 21 09:30. To avoid a higher fine visit nyc.gov/oath to learn how to fight or pay the summons. Reply STOP to end texts.' and 'You have an OATH hearing tomorrow at 09:30. Missing your hearing can result in a higher fine. Visit nyc.gov/oath to learn how to fight or pay the summons.'

Ngir jappaat sa bisu ojans, demal ci [nyc.gov/oath/reschedule](http://nyc.gov/oath/reschedule).

# TONTU CI AB KONWOKASIONŊ NGIR OATH

## JEEGO 3

### Waajal sa ojans

Xoolatal say konwokasionŋ, boole co daan yi ak notes yi kilifa bi ko defar bind. Waajal ay sotti wu ay firnde te convetir ko ci ab tēggiinu xarala (ab eskane wala ab nataalu wayndaare) ngir nga mēn leen yōnnee kuy liggéey ci biro ojans bi sooy amal ab ojansu woote.

Sudee amo ku lay teewal, mēn nga jokkook [Santaru Ndimbal bu OATH](#) ci ab consultation kenn par kenn boodul fay laata sa ojans, ci [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov) wala ci (212) 436-0845.

- Ngir am ndimbalu kēru-liggéeyukaay bu ndaw: [Smallbizhelp@oath.nyc.gov](mailto:Smallbizhelp@oath.nyc.gov)
- Ngir am ndimbalu ab mag: [veteranshelp@oath.nyc.gov](mailto:veteranshelp@oath.nyc.gov)
- Ngir ndimbal situwayin bu mag: [seniorshelp@oath.nyc.gov](mailto:seniorshelp@oath.nyc.gov)



## JEEGO 4

### Teew ci bis bi wala laata bisu ojans bi

Ojansi OATH yi dañuy faral di am li ci telefon wala so déposé ab défense buñu bind ci net bi.

**Ngir ojansu telefon yi**, wootel ci nmero bi nekk ci imel bi nekk ci OATH ci sa bisu ojans, tambalil saa su nekk ci waxtu ojans biñu bind ci konwokasionŋ yi ba ci 2:00 waxtu ci ngoon.



Ngir ñu defal la sa ojans ci telefon, da nga **wara** laaj ab nmero telefon ak ab PIN 3 bisu liggéey laata sa bisu ojans. War nga yōnnee sa laaj ci net bi [www.nyc.gov/oathphone](http://www.nyc.gov/oathphone).

Di nga jot ab imel laata sa ojans ak nmero telefon ak PIN bi ngay jēfandikoo ci sa bisu ojans.

So jotul sa PIN laata sa bisu ojans, xoolal sa kēmbu imelu spam/mbaliit. So mēnul gis sa PIN ba tey, jokkool ak Santaru Ndimbal bi ci (212) 436-0845 wala ci imel ci [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov).

**Ngir ojans yi ngay teew**, mēn nga sakku ab ojans ci sa teewaay ci ab biro OATH laata bisu ojans bi so yōnnee imel ci [LiveHearings@oath.nyc.gov](mailto:LiveHearings@oath.nyc.gov). Da nga wara yōnnee demande ci ojans bi ngay teew ci imel ca OATH gēn gaa neew 5 fan laata bisu ojans buñu jàpp. Adareesu Biro bi ak waxtu liggéey yi mēn nañ leen gis [fii](#).

**Ngir tontu yuñu bind ci net bi wala ci bataaxal:** Mu àju ci xeetu jalgati bi ñu bind ci sa konwokasionŋ, war nga mēna déposé sa tontu cig bind ci net bi wala ci bataaxal. Daluwebu OATH bi amna ay xibaar ci [ni ñuy déposé si net bi akni ñuy yonnee bataaxal](#).

**Dankaafu:** So tontuwul ci bisu ojans bi wala laata bisu ojan bi, di nañ la jappee niki ku jalgati te mēn nga ci am ay daan. Su loolu amee, mēn nga sakku ab ojans bu bees. Pàccu **Ojans yuñu Teewul** yu ci daluweb bi amna ay formileer yu manta ñakk ak yeneeni leeral ci nan lañuy sakko ojans bu bees.

*So fayul ab dogalu ojans buy wone ni da nga jalgati daan gi wala ab daan par défaut mēn na waral jēfu yoon ci Gox bi, ab ate buñu amal ci kanamu tirbinaal bi, ak/wala ñakka nangu bindu ci lisansu Gox bi.*